



Pou Piblikasyon Imedya: 03/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 2 MILYON DOLA POU EKSPANSYON ÒF
APRANTISAJ CUNY YO**

***Pwogram aprantisaj yo pral triple ak lanse nan tout 10 inivèsite CUNY yo ki ofri
diplòm de ane an kolaborasyon avèk New York Jobs CEO Council***

***Etidyan yo ki nan pwogram aprantisaj la pral jwenn peman, resevwa kredi pou
kou ak jwenn eksperyans travay pratik***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon investisman Eta 2 milyon dola pou ajoute 12 pwogram aprantisaj nan Inivèsite Vil New York (City University of New York, CUNY) la pou diplòm de ane li yo apati semès otòn 2023 a, yon gwo ekspansyon òf CUNY aprantisaj pou kredi nan endistri ki gen demann yo. Ajou yo bati sou senk pwogram aprantisaj ki egziste deja ki entegre nan pwogram diplòm de ane CUNY nan jeni lojisyèl, konsiltasyon, finans, jesyon risk ak sibèsekirite.

"Aprantisaj yo se yon pwen depa enpòtan pou karyè ki byen peye, ki gen enpak, epi nou fyè pou nou konstwi yon pwogram solid pou etidyan CUNY yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk investisman adisyonèl 2 milyon dola sa a, nou kapab elaji pwogram aprantisaj pou pwogram diplòm de ane yo epi ouvri nouvo opòtinite pou Nouyòkè yo atravè eta a".

Nouvo òf aprantisaj yo pral lanse nan [tout 10 inivèsite CUNY yo ki ofri diplòm de ane](#); anplis sèt [inivèsite kominotè CUNY yo](#), yo ofri diplòm de ane yo nan College of Staten Island, Medgar Evers College ak New York City College of Technology. Anplwayè k ap òganize aprantisaj yo pral peye etidyan yo, epi etidyan yo pral touche nèf kredi pou kou.

Félix V. Matos Rodríguez, ki se rektè Inivèsite Vil New York la, te deklare, "Aprantisaj yo te toujou yon bon chemen pou jèn yo pèse nan domèn yo, nan ofri yo travay pratik jiskaske yo te pare pou fè travay la san asistans. Etidyan yo bezwen eksperyans ak koneksyon nan espas travay la pi lwen pase salklas la pase jamè pou yo ka gen chemen klè vè karyè nan fen etid yo. Mwen rekonesan a Gouvènè Hochul paske li investi nan etidyan nou yo, epi nou pwolonje apresyasyon nou bay anplwayè yo ki akeyi etidyan nou yo nan pwogram diplòm de ane yo nan travay ki gen anpil demann nan biwo yo pandan n ap kolabore pou ranfòse mendèv nou an".

Yo pral mete etidyan yo nan konpayi tankou JPMorgan Chase, EY, Citi, American Express, Deloitte, AIG, Mastercard ak Wells Fargo, kote tout fè pati New York Jobs CEO Council. Jobs Council la se yon kowalisyon Direktè Egzekitif Jeneral kèk nan pi gwo anplwayè yo nan vil la ki gen objektif pou anplwaye 100,000 Nouyòkè ki gen revni fèb ak divèsifye — ki gen ladan 25,000 etidyan CUNY ak diplome — nan fen deseni a.

Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare, "Kòm diplome nan CUNY, mwen konnen konbyen opòtinite enstitisyon sa a bay Nouyòkè yo. Pwogram aprantisaj yo bay etidyan yo konpetans ak eksperyans mond reyèl ki ede yo devlope enterè yo epi mete yo sou wout pou yon avni meyè. Avèk investisman 2 milyon dola Gouvènè Hochul nan pwogram aprantisaj CUNY a, tout etidyan, espesyalman etidyan nwa ak bren nou yo, pral gen plis opòtinite pou jwenn travay ki byen peye nan finans, teknoloji, ak lòt domèn".

Direktè Egzekitif New York Jobs Council la, Kiersten Barnet, te deklare, "Pwogram sa yo revolusyonè pou etidyan ak anplwayè yo. Etidyan yo jwenn opòtinite aprantisaj nan travay ki sèvi tou kòm chemen dirèk nan wòl konpetitif nivo debaz. Anplwayè yo jwenn aksè a yon pi gwo rezèv talan ki reflekte divèsite rich vil nou an".

Etidyan Benjamin Abraham, Borough of Manhattan Community College, — ki te deja patisipe nan yon aprantisaj nan konpayi sèvis pwofesyonèl EY la — te deklare, "Rezo a te trè itil, kote nou ka jis apwoche yon moun nan koulwa yo epi poze yo kesyon sou liy sèvis yo, sou travay ke yo ap fè. Vini nan yon gwo konpayi konsa se tankou yon gwo mòn pou monte, men se te yon eksperyans trankil avèk yon ekip pratik".

Abraham ak apranti parèy li yo sou sit EY la chita bò kote animatè pwogram yo pandan kat jou nan semèn yo sou plas la. Anplis ke yo mete yo nan ekip espesifik, apranti yo gen konferansye envite ki vizite yo omwen yon fwa pa semèn; lidè prensipal yo ki vizite yo pale sou fason yo te pwogrese nan pwòp karyè yo ak bay konferans sou endistri yo.

Asosye Direktè EY Metro New York la, Alysia Steinmann, te deklare, "Antanke yon gwo anplwayè New York, anbrase aprantisaj inivèsite yo te ouvè je nou, sa ki te fòse nou konteste estanda anbochaj aktyèl nou yo ak kesyone poukisa, pou sèten wòl, nou te egzije yon diplòm inivèsite kat ane. Nan mond nou an k ap chanje byen vit, nou dwe adapte vit ak nouvo teknoloji yo, epi nou ta dwe pote panse sa a nan anbochaj tou. Lè nou te elaji kanal anbochaj nou an pou enkli etidyan kalifye ki soti nan lekòl CUNY yo, nou te kapab jwenn aksè nan yon rezèv talan ki pi laj ak divèsifye ki, franchman, te depase atant nou yo".

Ekspansyon an pral kreye aprantisaj pou plizyè santèn etidyan. Pifò nan yo se nan pwogram diplòm asosye pou syans aplike (associate of applied science, AAS), pwogram de ane ki fèt pou prepare etidyan yo pou yo antre dirèkteman nan yon karyè apre gradyasyon, an konparezon ak diplòm de ane ki pi fondamantal ki pi tradisyonèlman lakòz etidyan yo transfere nan yon pwogram diplòm lisans.

CUNY te priyorize ekspansyon inisyativ devlopman mendèv pou etidyan ak diplome li yo. Inisyativ sa yo gen ladan patenarya piblik-prive k ap grandi avèk yon investisman 16 milyon dola nan [Inisyativ Ekonomi Enklizif CUNY](#); fòmasyon etidyan yo pou karyè finansye atravè [Avni CUNY nan Finans](#); epi mete etidyan yo nan sektè piblik ak travay san bi likratif pandan ete a atravè [Lansman Karyè CUNY](#). Rektè Matos Rodríguez kounye a ap sèvi kòm ko-prezidan Gwoup Travay sou Avni Travayè Vil la, Majistra Adams te ba li responsabilite pou li eksplòre fason pou devlope mendèv la, tankou agrandi opòtinite aprantisaj yo.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)